

Lawoujò (Measles)



Kisa lawoujòl ye ?

Se yon virus ki bay maladi lawoujòl la. Maladi a pwopaje fasil ant moun a yon lòt e li bay lafyèv, demanjezon sou po ak nen k ap koule.

Ki lès ki ka gen lawoujòl ?

Tou moun ki pa pran vaksen kont lawoujòl ka enfekte, ti bebe ki gen mwens ke 12 mwa trop piti pou resevwa vaksen kont lawoujòl e ka tonbe malad anpil si yo enfekte. Lawoujòl pa yon malady ki komen nan Eta-Zini. Majorite ka ke yo retwouve nan Eta-Zini nan ane ki fèk sot pase se moun ki te ekspose a lawoujòl nan lòt peyi.

Ki jan lawoujòl pwopaje ?

Viris lawoujòl la pwopaje lè yon moun ki gen enfeksyon an touse oubyen estènye epi yon lòt moun respire virus la antre nan kò li.

Ki senptòm lawoujòl bay ?

Senptòm lawoujòl yo parèt sou 7 a 14 jou aprè moun nan finn ekspose majorite fwa se gwo lafyèv, nen k ap koule, tous epi zye wouj e k ap koule. Jeneralman yon demanjezon sou po parèt apeprè 3 a 5 jou apre premye senptòm yo parèt. Demanjezon an kòmanse sou figi moun lan epi li pwopaje san pèdi tan lòt kote sou kò moun lan. Demanjezon an ret la pandan 5 a 6 jou e li disparèt apre menm jan li te parèt la (kòmanse nan tèt desann jis nan pye).

Ki lè epi pandan konbyen tan yon moun ki malad ka pwopaje maladi lawoujòl la ?

Yon moun ka pwopaje lawoujòl ant 4 jou avan epi 4 jou apre demanjezon an parèt.

Konbyen tan anvan senptòn yo parèt ?

Demanjezon yo parèt jeneralman ant 7 a 14 jou apre kontak ak yon moun ki gen enfeksyon. Demanjezon ka parèt ant 5 a 18 jou apre kontak ak yon moun ki gen enfekte.

Ki konplikasyon ki asosye ak lawoujòl ?

Pwoblèm enfeksyon lawoujòl la bay nemoni, kriz, dyare, enfeksyon nan zòrèy, enfeksyon nan sèvo. Fanm ansent sipoze pran swen espesyal pou evite pran lawoujòl, sa ka lakòz fanm ansent pèdi tibebe ki nan vant yo.

Èske yon moun gen pwoteksyon apre yon fin gen yon enfeksyon lawoujòl ?

Wi. Moun ki te janm gen lawoujòl gen yon pwoteksyon kont maladi a pou tout rès lavi yo. Kòm li fasil pou konfond lawoujòl ak lòt enfeksyon ki kòz la fyèv ak demanjezon, konsa yon moun sipoze fè ekzamen san pou yo konen si yo gen pwoteksyon kont lawoujòl.

Kontinye

Ki tretman ki genyen pou lawoujòl ?

Pa gen okenn tretman espesyal pou lawoujòl. Majorite moun ap geri pou kont pa yo. Sentòm tankou la fyèv ka diminye ak medikaman ke ou ka ashte nan famasi san preskripsyon tankou asetaminofèn, tilenòl ou di mwens ibipwofèn. Li trè empòtan pou kontakte doktè ou si ou gen sentòm lawoujòl e fè li konen si ou te ekspoze a lawoujòl konsa yo prekosyon lè ya evalye ou..

Eske Lawoujòl ka evite?

Wi. Jeneralman, yo bay de doz Vaksen kont lawoujòl ansanm avèk vaksen kont malmouton ak ribeyòl (ke yo rele vaksen MMR) oubyen ke yo bay avèk vaksen kont malmouton, ribeyòl, ak saranpyon (ke yo rele vaksen MMRV). Nan Eta Zini, premye doz la jeneralman bay a timoun nan laj 12 a 15 mwa e dezyèm doz la apre laj 4 an. De doz vaksen yan nòmalman bay pwotèksyon pou tout la vi. Granmoun ki fèt nan Eta Zini apre 1 Janvye, 1957 ki pa gen yon tès san ki montre ke yo pwoteje kont lawoujòl dwe pran vaksen yan tou. An jeneral, moun ki fèt nan lòt peyi, kèlkeswa ane yo fêt, pa konsidere kòm moun ki pwoteje eksepte si yo gen papye ki bay prèv ke yo pran vaksen kont lawoujòl oubyen yo fè yon tès san ki montre yo pwoteje kont lawoujòl. Si enfòmasyon sa-a pa disponib, Depatman Sante Piblik ap ekzamine chak ka pou wè kiyès ki pwoteje. Kèlkeswa laj moun kap travay nan sante dwe gen prèv ke yo pran de doz vaksen kont lawoujòl oubyen yon tès san ki montre yo pwoteje.

Kisa pou mwen fè si m te pran kontak ak yon moun ki gen lawoujòl ?

Si w pran kontak ak yon moun ki te gen lawoujòl, rele doktè k ap syiv ou nan telefòn pou l ka ba w konsèy. Li posib pou w pran yon vaksen kont li. Si doktè a detèmine ou gen pou pran yon vaksen, fòk ou pran vaksen an nan lespas 72 è apre ou te an kontak ak moun ki gen lawoujòl la pou ka anpeche oubyen diminye nivo maladi a sou ou. Moun ki te an kontak ak moun ki gen lawoujòl e ki pa ka pran vaksen an ka resevwa tretman ak globilin iminitè jis nan 6 jou apre moun lan te pran kontak ak moun ki gen lawoujòl pou ka anpeche oubyen chanje maladi a.



Boston Public Health Commission | Infectious Disease Bureau

1010 Massachusetts Avenue | Boston, MA 02118 | www.bphc.org | 617-534-5611